मुद्रित पृष्ठों की संख्या : 3 **BBHLA–135**

# स्नातक उपाधि कार्यक्रम ( बी.डी.पी. )

## सत्रांत परीक्षा

## दिसम्बर, 2023

## बी.बी.एच.एल.ए.-135 : भोजपुरी-आधुनिक भारतीय भाषा

*समय : 3 घण्टे* *अधिकतम अंक : 100*

**नोट :** *सभ प्रश्नन के उत्तर दीं।*

---

1. नीचे लिखल वाक्य में से **सही** अथवा **गलत** के पहचान करीं : 10

   (क) 'कैथी' शब्द के विकास कायस्थ शब्द से भइल बा। (सही/गलत)

   (ख) शेरशाह के मकबरा आरा में बा। (सही/गलत)

   (ग) राहुल सांकृत्यायन के जन्म पन्दाहा गाँव में भइल रहे। (सही/गलत)

   (घ) जवना भाषा में अनुवाद कइल जाला, ओकरा के 'श्रोत भाषा' कहला जाला। (सही/गलत)

   (ङ) 'बेटी-वियोग' भिखारी ठाकुर के रचना ह। (सही/गलत)

2. सही उत्तर से खाली जगह के भरीं : 10

(क) तीज .............................. के व्रत ह। (पुरुष/स्त्री)

(ख) जयप्रकाश नारायण के जन्म ...................... में भइल रहे। (सिताब दियारा/कुतुबपुर)

(ग) निबंध कवनो विसय पर लिखल .................................. आकार के रचना होला। (छोट/लमहर)

(घ) भाव-पल्लवन में भाव के .......................... कइल जाला। (बड़/छोट)

(ङ) 'बटोहिया' ................................ के रचना ह। (गोरखनाथ/रघुबीर नारायण)

3. निम्नलिखित गद्यांश के सप्रसंग व्याख्या करीं : 12

गाँव के नाँव काहे पकड़डीहा पड़ल एकर हमरा कवनो जानकारी त ना बा, बाकिर गाँव के दखिन एगा पकड़ी के पेड़ रहल। कबो शायद बड़वर रहल होई। ओहिजा हमार खरिहान रहल, ओके दखिन काली माई के थान रहल।

4. भोजपुरी कविता के उद्भव आ विकास के बारे में बताईं। 14

5. भिखारी ठाकुर के नाटक पर निबंध लिखीं। 14

6. 'इमली के बीया' निबंध के भासा-शैली पर विचार करीं। 14

7. निबंध-लेखन के प्रक्रिया के बारे में बताईं। 10

8. नीचे लिखल विषय में से कवनो एगो पर **150** शब्दन में लिखीं : 10

(क) संत कबीर

(ख) भोजपुरी कहाउत

(ग) सेमर के फूल

9. निम्नलिखित में से कवनो एगो विसय पर **5** पंक्तियन में लिखीं : 6

(क) जिउतिया

(ख) चइता